



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 20/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 500.000 DOLA POU PWOJÈ REDRESMAN
KOMINOTE SOUTHERN PINE BEETLE A YO**

***Sibvansyon sa yo pral ede kominote konte Nassau ak Suffolk yo remedye
anvayisman parazit dandwòktòn pye sapen yo (Southern Pine Beetle)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodia a gen 500.000 dola ki disponib pou ede kominote Long Island yo koupe epi ranplase pye bwa parazit dandwòktòn sapen yo anvayi a yo. Sibvansyon sa yo se inisyativ ki pi resan Depatman Pwoteksyon Anviwonman Leta ap pran pou rezoud pwoblèm espès anvayisan sa yo, rezilyans kominote a, degradasyon anviwonman, ak pwoblèm jistis anviwonmantal yo.

Gouvènè Cuomo te di: “Nouyòkè a yo gen yon lyen solid avèk anviwonman Long Island yo a, kounye a ki sou menas anvayisman espès anvayisan, tankou dandwòktòn pye sapen sa yo.” Finansman sa pral ede jere efò ki ap fèt deja pou mete fen a anvayisman parazit sa yo, epi ede prezève trezò anviwonmantal Long Island yo pou jenerasyon k ap vini yo.”

Dandwòktòn sapen yo touye dèmilye pye sapen nan Long Island deja depi yo te dekouvri yo an 2014 la. Atravè pwogram Sibvansyon Redresman Kominote Dandwòktòn Sapen yo, yo montan total de 500.000 dola an fòm sibvansyon ki disponib pou minisipalite yo, minisipalite kòporasyon yo, distri pwoteksyon sòl ak dlo yo, distri lekòl ak inivèsite kominotè yo pou retire pye sapen ki kontamine oswa ki mouri yo, oubyen plante lòt pye bwa pou ranplase sa ki te pèdi akòz de dandwòktòn sapen yo. Finansman yo ap akòde yo ap ant 25.000 e 75.000, epi li obligatwa pou kominote lokal la bay ekivalan 25 pousan de montan sibvansyon yo mande a. Ekivalan kominote lokal la ap bay la ka swa lajan swa nan fòm nenpòt sèvis an nati. Fon Pwoteksyon Anviwonman eta ap finanse sibvansyon sa yo.

Delege Depatman Pwoteksyon Anviwonman, Basil Seggos te di: “Depatman Pwoteksyon Anviwonman an pran angajman pou l ede kominote dandwòktòn sapen te anvayi yo koupe pye bwa pou mentni sekirite popilasyon an, epi replante lòt pye bwa nan plas pye bwa ki te mouri yo. New York ap envesti anpil pou l ka remedye pwopagasyon anvayisman parazit sa a. Sibvansyon sa yo pral ede prezève Central Pine Barrens lan, ki enpòtan anpil pou pwoteksyon kalite dlo, abita fonik yo, espès ki an danje disparisyon yo, ak opòtinite lwazi yo.”

Aplikan yo dwe bay detay sou objektif espesifik travay yo vle fè a epi kijan pwojè a pral

rapòte benefis anviwonmantal, ekonomik, ak/oswa sosyal nan kominote a. Nou ankouraje aplikan yo pou yo fòme patenarya rejyonal epi yo ap bay konsidersyon a pwopozisyon pwojè katye defavorize yo. Forestye Depatman Pwoteksyon Anviwonman an yo ap disponib pou bay aplikan yo asistans teknik.

Li obligatwa pou yo devlope epi soumèt aplikasyon an yo atravè New York State Grants Gateway a avan 2:00 nan laprèmidi 31 out 2016. Pou plis enfòmasyon, rele Depatman Pwoteksyon Anviwonman nan (518) 402-9425. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Senatè Tom O'Mara, Prezidan Komite Pwoteksyon Anviwonman Sena te di:

“Konbat espès anvayisan sa yo toujou rete youn nan pi gwo pwoblèm agrikòl, ekonomik ak anviwonmantal Eta New York genyen. Pwopagasyon enkontwolab espès anvayisan sa yo ka devaste ekonomi an ak anviwonman rejyonal yo, epi koute kominote lokal la yo dè santèn de milyon de dola epi dèmilye pòs travay. Nou apresye Gouvènè Cuomo rekonèt risk sa yo, epi mwen ap atann pou m kontinye travay ak gouvènman Cuomo a ak lidè lokal atravè New York pou prevni ak eradike menas sa yo.”

Senatè Ken LaValle te di: “li vrèman enpòtan pou n mete disponib resous ki nesèsè pou konbat dega dandwòktòn sapen yo ap fè nan Long Island. Gouvènè a rekonèt ke nou bezwen pran angajman pou bay sipò ki nesèsè pou kontwole pwoblèm sa a avan l vin enkontwolab. Sibvansyon sa yo se dèpa nan yon bon direksyon.”

Manm Asanble Steve Englebright, Prezidan Komite Asanble sou Pwoteksyon

Anviwonman te di: “Dekouvèt dandwòktòn sapen an yo poze yon gwo menas reyèl pou Pine Barrens, espesyalman pye bwa nou te panse ki te twò piti pou parazit yo atake, yo gentan kontamine. Sibvansyon kominotè sa yo se bon premye etap pou ede pwoteje Long Island Pine Barrens, ki reprezante blòk forè adjasan ki pi laj ki rete sou Long Island. Pine Barrens ede filtre dlo nou bwè, anmenmtan se abita pou dèmilye espès plant ak bèt, anpil nan yo andanje disparisyon. Pandan nou rekonèt enpòtans efò pou eradike espès anvayisan sa yo, bidjè ane sa preske double finansman pou konbat espès anvayisan yo, ki gen ladan dandwòktòn sapen yo. M ap travay ak Gouvènè Cuomo pou asire finansman epi mete sou kote yon bon mòso pou efò eliminasyon parazit yo. An plis de sa, bidjè a, pou lapremyè fwa bay otorizasyon ekspresman pou konbat espès anvayisan ki sou tè leta yo. Mwen atann pou m kontinye travay ak Gouvènè Cuomo pou asire efò eradikasyon dandwòktòn sapen yo resvwa resous finansyè yo bezwen yo.”

Manm asanble Fred W. Thiele, Jr. te di: “Dandwòktòn sapen meridional yo koze anpil dega nan Long Island, epi yo ap kontinye menase fè plis dega. Anons jodi a rekonèt Eta New York la ak Depatman Pwoteksyon Anviwonman pran angajman yo pou konstwi yon pwogram jesyon ak kontwòl reyèlman konplè. An plis de siveyans leta ap finanse, rechèch, antretyen ak retire pye bwa yo, nouvo finansman sa pral founi yon èd finansyè pou komin ki gen pwoblèm kontaminasyon parazit yo.”

Richard Amper, Direktè Jeneral Sosyete Long Island Pine Barrens lan te di:

“Ansanm ak angajman nou resevwa pou konbat dandwòktòn sapen meridional nan

Pine Barrens yo, se yon apwòch fòmèdab konplè pou konbat dandwòktòn yo.”

Konba DEC kont dandwòktòn sapen meridyonan

Depi yo te dekouvri yo, depatman pwoteksyon anviwonman te itilize pèlen, ankèt ayeryen ak tèryen pou swiv dandwòktòn sapen meridyonan yo. An me ki sot pase a, Depatman Pwoteksyon Anviwonman te travay ak Biwo Pak New York yo, Biwo pou Prezèvasyon ak Lwazi Istorik yo, Park and Trails NY, ak volontè yo pou replante plis pase 600 pye sapen sou wout ki enpakte bò rivyè nan Connetquot River State Park la. An plis de sa, Depatman koupe plis pase 8.500 pye bwa kontamine ak pye bwa defans pou redui popilasyon dandwòktòn yo ak pwopagasyon dousman yo ap fè a.

Itilizasyon ankèt ayeryen ak tèryen pou trase plan kontaminasyon an

Ankèt ayeryen yo te fèt an me ak jen sou Central Pine Barrens, ak yon lòt vòl ankò ki pwogram pou out. Ankèt sa yo idantifye epi lokalize pye bwa kontamine nan zòn nan yo.

- Janvyè, me, ak jen 2016 vòl ayeryen te idantifye plis pase 25.000 karo ki gen pye bwa ki ka deja kontamine.
- Stajyè Depatman Pwoteksyon Anviwonman ak Komisyon Pine Barrens la te fè ankèt tèryen pou verifye zòn ki kontamine yo.
- Yo te fè ankèt sou plis pase 6,000 karo tè pou SPB nan Konte Suffolk la yo.

Plan eliminasyon dandwòktòn sapen meridyonan ete a

Nou koupe plis pase 500 pye bwa kontamine ak pye bwa defans nan zòn yo verifye ki kontamine a yo depi kòmansman jen 2016 pou bese popilasyon dandwòktòn sapen meridyonan yo.

- Nou koupe 472 pye bwa nan Henry’s Hollow nan forè Pine Barrens lan.
- Nou koupe 26 pye bwa nan pak Sears Bellows County Park la.
- Nou koupe 11 pye bwa nan rezèvasyon David A. Sarnoff Preserve la.

Plan rechèch pou devlope estrateji jesyon

- Depatman Pwoteksyon Anviwonman ap fè rechèch sou mòtalite SPB ak sik lavi yo pandan sezon ete a pou ede devlope estrateji jesyon ki pi efektiv la yo.
- Nou pral kolekte done sou rejenerasyon sapen Pitch an jiyè pou ede nou ransenyè n sou efò pou replante yo apati de deskripsyon faktè tankou limyè ak kouvèti tè ki ka afekte rejenerasyon sapen pitch la yo.

Anplwaye Depatman Pwoteksyon Anviwonman yo pral revize aplikasyon pou sibavasyon ki konplè yo epi chwazi benefisyè yo apati de kritè evalyasyon byen etabli, ki gen ladan yo rantabilite, benefis yo atann, itilizasyon estandan rekòmande yo nan egzekisyon an, sansibilizasyon kominote a, edikasyon, sipò, ak enpak ekonomik sou rejyon an.

Pou plis enfòmasyon sou dandwòktòn meridyonan yo, vizite:

<http://www.dec.ny.gov/animals/99331.html>.

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418